



# 5 Bagay Ou Bezwen Konnen sou Bèt nan Kay pou Sipò Moral

- 1** Yon bèt nan kay pou sipò moral (ESA, ki vle di "emotional support animal") se yon bèt doktè w oswa yon pwofesyonèl sante mantal deside ki kapab ede w avèk yon andikap ou genyen, paske li amelyore omwen youn nan sentòm nan andikap ou genyen an. Si ou gen yon andikap dapre definisyon Lwa New Jersey kont Diskriminasyon an (LAD), epi doktè k ap swen ou oswa pwofesyonèl sante mantal ou sètifye yon bèt ou genyen lakay ou kapab amelyore omwen youn nan sentòm andikap ou genyen an, bèt la se yon ESA.
- 2** Yon ESA se pa menm bagay avèk yon bèt pou sèvis oswa pou gide moun. Bèt pou sèvis oswa pou gide moun yo resevwa yon fòmasyon endividyèl pou fè yon travay espesyal ki koresponn avèk andikap yon moun genyen, tankou gide yon moun ki avèg oswa ede yon moun ki gen epilepsi pandan yon kriz. Bèt pou sèvis oswa pou gide moun yo fè eksepsyon otomatikman nan règleman yon pwopriyetè lojman kont bèt nan kay. ESA yo se pa sa.
- 3** Si ou rete oubyen ou pral rete nan yon bilding ki gen règleman kont bèt nan kay, ou dwe mande fè aranjman rezonnab pou ESA ou genyen an. Avèk demann ou prezante a, pwopriyetè lojman an ka mande ou remèt dokiman ou resevwa nan men yon doktè k ap swen ou oswa pwofesyonèl sante mantal ou, pou sètifye de bagay sa yo:
  - a. Ou gen yon andikap dapre definisyon LAD a; epi
  - b. ESA ou genyen an amelyore omwen youn nan sentòm andikap ou genyen an, epi li nesèsè pou yo ba ou yon chans egal pou viv nan bilding lan nan bon kondisyon.
- 4** Menm apre ou remèt dokiman ki nesèsè yo, pwopriyetè lojman an pa oblije renonse kondisyon li yo otomatikman poutèt ESA ou genyen an. Lwa New Jersey pa oblije yon pwopriyetè lojman fè tout sa li kapab pou fasilite w avèk andikap ou, men li mande sèlman pou pwopriyetè lojman an fè aranjman rezonnab nan règleman, prensip, ak metòd li yo pou fasilite w avèk andikap ou.
- 5** Yon demann ou fè pou pwopriyetè lojman an adousi règleman li genyen kont bèt yo pou pèmèt ou vini avèk yon ESA ta konsidere rezonnab si ou kapab montre ou gen yon andikap dapre definisyon LAD a, epi ou bezwen gen ESA a pou w ka genyen yon chans egal pou viv nan bilding lan nan bon kondisyon, epi pwopriyetè lojman an pa kapab montre sa ta yon gwo pwoblèm pou fonksyonman pwopriyete a, si li ta pèmèt ESA a rete.

Pou aprann plis oswa depoze yon plent, ale sou [NJCivilRights.gov](http://NJCivilRights.gov) oswa rele **866-405-3050**



NJ Office of the Attorney General

[NJCivilRights.gov](http://NJCivilRights.gov)

DIVISION ON

**CIVIL RIGHTS**